




## TRIBUNAL FAYIT ETAZINI DISTRI SID NAN FLORID



### AVI POU TOUT MOUN KI GEN DÈT : LI SA A ANVAN OU DEPOZE PETISYON W

**ÈSKE OU MENM AK MOUN OU MARYE AVÈK LA (SIZANKA) TE PRAN KLAS APWOUVE E OBLIGATWA KI BAY KONSEY SOU FAYIT ANVAN DEPOZISYON PETISYON ?**

- Lwa fayit federal la (11 US § 109 (h)) egzije pou ou resevwa yon klas sou konsèy kredi ki soti nan yon ajans ki apwouve pa Office of US Trustee a, nan peryòd 180 jou anvan ou depoze pou fayit.
- Tout jan, si-w ranpli aplikasyon pou fayit-la, gen posibilité pou tribinal-la rejte ka-w la, lè-a wap pèdi tout frè (kòb) ou te peye pou ranpli aplikasyon-an, epi tou moun ou dwe yo (kreditè yo) ka rekòmanse mande-w peye sa-w dwe yo-a ankò.
- Si ou kwè ke ou pa oblige resevwa yon klas sou konsèy kredi, ou dwe depoze yon mosyon pou konseye kredi konsèy ak tribinal la.
- Pou ranpli konsèy kredi ki obligatwa anvan ou ranpli pou fayit, jwenn nan Grefye a yon lis Ajans Trustye Ameriken apwouve yo, oswa vizite: <https://www.justice.gov/ust/list-credit-counseling-agencies-approved-pursuant-11-usc-111>.
- Selon ki agens ke ou chwazi, ou gen dwa pran kou a pa òdinaté pa telefon osinon an pésòn. Si ou pa gen yon òdinatè, ou ka itilizé yon òdinatè piblik nan nenpòt nan bibliyotèk piblik yo.
- Egzanpsyon egzijans sa a egziste pou moun ki gen andikap oswa avèk pwoblèm sante mantal, oswa pou moun ki fè sèvis militè nan zòn konba aktif yo. Gade nan Tit 11 US. §109 (h) (4).
- **KLÈK LA PA KA BAY KONSEY LEGAL.**